

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Métode Panalungtikan

Dina panalungtikan perlu pisan milih métode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal, sangkan bisa nyangking atawa maham sagemblengna pasualan anu nyampak. Nurutkeun Ratna (2012, kc. 34) métode tèh miboga fungsi pikeun nungkuluan pasualan dina panalungtikan. Dina panalungtikan kudu jelas pamarekan jeung métode anu digunakeun pikeun matotoskeun pasualan anu ditalungtik. Métode salaku stratègi pikeun maham réalitas, lèngkah-lèngkah sistematis pikeun nungkuluan runtuyan pasualan sebab-akibat, sarta miboga fungsi pikeun ngaheuretan pasualan sangkan leuwih babari dicangking.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif. Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode dèskriptif. Pamarekan kualitatif leuwih nyinekel kana maksud nu ditalungtikna sarta lain mangrupa angka, tapi leuwih kana wangun dèskriptif. Data nu ditalungtik mangrupa kecap atawa gambar (Bodgan & Biklen dina Semi, 2012, kc. 30-32), nurutkeun Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) panalungtikan kualitatif nyaéta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, hal anu ditalungtik leuwih jero sangkan bisa kacangkem maksudna. Jadi panalungtikan kualitatif leuwih nyoko kana wangun dèskriptif, sabab data atawa sumber datana dina wangun kecap-kecap. Anapon métode anu digunakeun pikeun analisis tokoh utama ulikan struktural jeung psikologi perkembangan dina novel “*Budak Minggat*” Karya Samsodi, nyaéta métode dèskriptif analisis.

Métode dèskriptif analisis nyaéta métode anu ngadèskripsikeun fakta-fakta sarta miboga tujuan pikeun nyangkem unsur-unsur nu tuluy dianalisis (Ratna, 2013, kc. 53).

3.2 Dèsein Panalungtikan

Dèsein panalungtikan digunakeun pikeun mantuan gawè panalungtik sangkan dina ngalaksanakeun panalungtikanna sistematis, puguh lèngkah-lèngkahna.


Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dumasar kana métode dèskriptif analisis, dèsein panalungtikan anu dilaksanakeun miboga sababaraha lèngkah, anapon digambarkeun dina bagan 3.1.

Bagan 3.1 Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan



3.3 Tèhnik Panalungtikan

Tèhnik panalungtikan mangrupa salasihiji cara atawa prosèdur anu kudu dilaksanakeun kalawan métode anu tangtu pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan (Suyatna, 2011, kc. 18). Dina ieu panalungtikan aya dua tahap tèhnik anu dilarapkeun nyaéta tèhnik ngumpulkeun data jeung tèhnik ngolah data.

3.3.1 Tèhnik Ngumpulkeun Data

Tèhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta tèhnik ngumpulkeun data studi pustaka. Saluyu jeung pamadegan anu dièbrèhkeun ku Sugiyono (2018, kc. 137) tèhnik ngumpukeun data nya éta mètode ngumpulkeun data dina dokumèn atawa sumber pustaka. Pikeun ngolah data hasil dina prosès panalungtikan ku cara maparkeun hasil panalungtikan dina wangun dèskriptif.

Anapon lèngkah-lèngkah dina tèhnik ngumpulkeun data nyaéta:

- 1) maca buku-buku anu aya patalina jeung tiori strukturalisme jeung psikologi perkembangan. Hal ieu dilaksanakeun sangkan babari dina tahap analisis data;
- 2) nangtukeun sumber data, nyaéta novel *Budak Minggu* karya Samsodi; jeung
- 3) maca sagemblengna novel *Budak Minggu* karya Samsodi.

3.3.2 Tèhnik Ngolah Data

Tèhnik nu dipakè ngolah data panalungtikan nyaéta ngagunakeun tèhnik analisis, saluyu jeung pamadegan anu dièbrèhkeun ku Arikunto (2013, kc. 281) yèn tèhnik ngolah data nyaéta hasil analisis anu dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu lumaku, luyu jeung pamarekan atawa dèsein panalungtikan anu digunakeun. Anapon anu dianalisisna nyaéta analisis struktur carita jeung psikologi perkembangan dina novel *Budak Minggu*, jeung ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca novel di SMA.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumen mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikan. Saluyu jeung pamadegan anu dièbrèhkeun ku Arikunto (2013, kc. 203) yèn instrumen panalungtikan nyaéta alat atawa fasilitas anu dipakè ku panalungtik dina ngumpulkeun data nepi ka leuwih gampang sarta hasilna leuwih hadè, dina harti lengkep jeung sistematis nepi ka leuwih gampang diolah. Instrumèn anu dipakè dina ieu panalungtikan nyaéta tabèl talaah dokumèntasi jeung kartu analisis. Kartu analisis nu digunakeun mangrupa sempalan-sempalan carita nu nuduhkeun struktur carita jeung analisis psikologi perkembangan tokoh utama dina novel *Budak Minggu* karya Samsodi.

Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tegas Resta Natura, 2020
*KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN
BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI
PERKEMBANGAN)*
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.4.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

Tabel 3. 1 Conto Kartu Data Téma

Kartu Data Téma	
Kode	Data
:	
Téma	
:	
Cutatan	

Tabel 3. 2 Conto Kartu Data Galur

Kartu Data Galur	
Bagian	
:	
Cutatan	
:	

Tabel 3. 3 Contoh Kartu Data Latar

Kartu Data Latar		Data
		Latar
Kode		
:		
Jenis		
:		
Cutatan		
:	29	

Tabel 3. 4 Contoh Kartu Data Tokoh jeung Penokohan

Kartu Data Tokoh jeung Penokohan	
Jenis	
	Tokoh

:	
Ngaran Tokoh :	
Watek	
:	
	Tokoh

Tabel 3. 5 Conto analisis struktur carita novel *Budak Minggat*

Kartu Data 1	Data
Kode	
: SC/1/5/1	
Téma	
: Budak nu Ditanasa ku Babaturan	
Cutatan	
: ngarasakeun kanyeri baé tapak diteunggeul batur	

Pengkodean data dina kaca saméméhna dumasar kana unsur anu dianalisisna sangkan leuwih jéntré, katerangan data baris dipedar.

Kode : SC/1//4/1

SC = Struktur Carita

1 = nuduhkeun kana kartu data 1 (téma)

4 = nuduhkeun kana kaca 4

1 = nuduhkeun kana paragraph ka 1

**Tabel 3.5 Instrumen Ngumpulkeun Data Psikologi
Perkembangan (Piaget jeung Benner)**

No	Ngaran Tokoh	Cutatan	Kaca	Wujud Psikologi Perkembangan	Keterangan

3.4.2 Instrumén Ngolah Data

1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

(1) Téma

Gambar 3. 1 Kartu Data Analisis Struktur Tema

Kartu Data Analisis Téma	
Cutatan:	
Analisis:	
	(Kaca)

(2) Fakta Carita

Tegas Resta Natura, 2020

*KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gambar 3. 2 Kartu Data Analisis Struktur Fakta Cerita

Kartu Analisis Fakta Carita (Galur, Palaku jeung Penokohan, Latar)	
Cutatan:	(Kaca)
Analisis:	

(3) Sarana Sastra

Gambar 3. 3 Kartu Data Analisis Struktur Sarana Sastra

Kartu Analisis Sarana Sastra (Judul, Puseur Implengan, Gaya Basa)	
Cutatan:	(kaca)
Analisis:	

2) Kartu Data Analisis Karakteristik Tokoh Utama

Gambar 3. 4 Kartu Data Analisis Karakteristik Tokoh Utama

Kartu Data Analisis Karatek Tokoh Utama	
(Cutatan Karakter Tokoh Utama Novel “ <i>Budak Minggat</i> ”)	
Analisis Karakter Tokoh Utama Novel “ <i>Budak Minggat</i> ”	

Tegas Restu Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(kaca)

- 3) Kartu Analisis Psikologi Perkembangan (Piaget jeung Benner)
- (1) Operasional Konkret (Piaget)

Gambar 3. 5 Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan (Operasional Formal)

Kartu Data Analisis Operasional Konkret

(Cutatan Operasional Konkret novel “*Budak Minggat*”)

Analisis Operasional Konkret novel “*Budak Minggat*”

(kaca)

- (2) Mikrosistem

Gambar 3. 6 Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan (Mikrosistem)

Kartu Data Mikrosistem Konkret

Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

(Cutatan Mikrosistem Konkret Novel “*Budak Minggat*”)

Analisis Mikrositem Novel “*Budak Minggat*”

(kaca)

(3) Mesosistem

Gambar 3. 7 Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan (Mesosistem)

Kartu Data Analisis Mesosistem

(Cutatan Mesosistem novel “*Budak Minggat*”)

Analisis Mesosistem Novel “*Budak Minggat*”

(kaca)


(4) Ekosistem

Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Gambar 3. 8 Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan (Ekosistem)



(5) Makrosistem

Gambar 3. 9 Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan (Makrosistem)



Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Pikeun meunang hasil panalungtikan anu rèlevan, hal penting nu teu bisa dilèsotken dina prosès panalungtikan nyaéta maluruh data jeung sumber data.

3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis struktur carita, analisis psikologi perkembang tokoh utama dina novel ”*Budak Minggat*”, jeung ngalarapkeun hasil panalungtikan kana bahan pangajaran maca novel di SMA. Struktur carita novel ngawengku tèma, fakta carita (galur, palaku jeung penokohan, jeung latar), jeung sarana carita ngawengku (judul, puseur panitèn, jeung gaya basa). Salian ti struktur carita, ogè psikologi perkembangan Piaget jeung Benner. Psikologi perkembangan Piaget ngan ngawengku Operasional Foramal, sedengkeun psikologi perkembangan Benner ngawengku mikrosistem, mesosistem, ekosistem, jeung makrosistem.

3.5.2 Sumber Data

Sumber data panalungtikan nyaéta subjèk data anu ditalungtik. Sacara gurat badag sumber data ngawengku tilu rupa, nyaéta jalma (*person*), tempat (*place*), jeung kertas atawa dokumèn (*paper*) (Arikunto, 2013, kc. 172).

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta studi dokumèntasi dina wangun novel nu judulna *Budak Minggat* karya Samsuedi.

3.5.2.1 Identitas Buku

- 1) Judul Buku : *Budak Minggat*
- 2) Pangarang : Samsuedi
- 3) Pamedal : PT Kiblat Buku Utama
- 4) Taun Medal : 2008

Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5) Kandel Buku : 124 Kaca

Gambar 3. 10 Sampul Novel Budak Minggat



Novel *Budak Minggat* mangrupa buku karangan Samsuodi. Ieu buku tèh mimiti dicitak ku PT Kiblat Buku Utama taun 2008. Ari ditulisna mah geus ditaun 1930 (katitèn tina titimangsana). Ieu novel tèh kandelna 124 kaca.

Ieu novel eusina ngalalakonkeun Si Kampèng, budak umur 16 taun. Éta budak tèh minggat lantaran reuwas, ngadupak bapa tèrèna nepi ka sirah bapa tèrèna getihan tidagor kana tihang imah. Dina minggatna salila kurang-leuwih 10 bulan, Si Kampèng kungsi jadi kuli kontrak di Dèli jeung Bengkalis. Kungsi deuih

Tegas Resta Natura, 2020

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BUDAK MINGGAT KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA (ULIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI PERKEMBANGAN)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nulungan kuli bangsa Cina anu rèk dikerekeb ku maung. Ku sabab leukeun diajar tur kaasup budak calakan, manèhna bisa jadi tukang batu jeung tukang kai. Ahirna, manèhna bisa balik deui ka Bandung kalawan salamet bari meunang pangalaman anu kacida munelna tur mawa duit ladang gawèna di Sumatra.

3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang

Samsoedi gelar di Bandung taun 1899, tilar dunya dina kaping 9 Mèi 1987. Kalungguhan Samsoedi salaku guru jeung pangarang Indonèsia nu munggaran ngahususkeun diri nulis carita-carita budak. Karya-karyana, diantaranya: *Carita Nyi Halimah*, medal taun 1928. Dua taun ti harita medal deui tilu bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, jeung *Carita Si Dirun*. Ditéma deui ku *Jatining Sobat* jeung *Babalik Pikir* anu medal taun 1931.

Dina jaman sanggeus merdèka, Samsoedi ngarang dina basa Indonèsia, *Pasundan* dina taun 1949. Ari karyana dina basa Sunda, *Pangeran Dipanegara* medal taun 1956. Ti dinya lila teu nulis-nulis nepi ka likurna taun. Taun 1979, medal *Kisah Syafe'i Sumarja* dina basa Indonèsia. Saterusna dina taun 1980-an medal *Minah* dan *Imron* (1980) jeung *Kisah Mandor Hutan* (1983). Ari anu dina basa Sunda nyaéta *Si Bohim jeung Tukang Sulap* (1980). Taun 1993, ngaran Samsoedi diabadikeun jadi ngaran hadiah pikeun bacaan buku barudak dina basa Sunda (sawarèh dicutat dina Samsoedi, 2008, kc. 1).